

**RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
(RPP CGP)**

Sekolah : SMP Negeri 4 Ungaran
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : IX / Genap
Tema : Geguritan
Sub Tema : Memahami isi teks geguritan
Alokasi Waktu : 10 menit
Pertemuan ke : 2

A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran dengan metode *Discovery Learning*, peserta didik diharapkan dapat mengidentifikasi pokok isi dalam teks geguritan

B. Kegiatan Pembelajaran

Langkah-langkah	
Kegiatan Pendahuluan	<ol style="list-style-type: none">1. Guru mengucapkan salam, berdoa, dan memeriksa kehadiran serta kesiapan peserta didik mengikuti pembelajaran2. Guru mengingatkan peserta didik untuk menjaga kebersihan dan kesehatan dan melakukan 5 M3. Guru melakukan apersepsi dengan menunjukkan contoh geguritan yang dimuat di majalah Panjebar Semangat4. Guru menyampaikan tujuan pembelajaran
Kegiatan Inti	<ol style="list-style-type: none">5. Peserta didik mengamati contoh teks geguritan6. Guru memotivasi peserta didik untuk bertanya kata-kata sulit dalam teks geguritan yang disiapkan7. Guru membagikan lembar kerja8. Peserta didik mencari sumber informasi dari berbagai sumber tentang isi geguritan melalui hp atau kamus9. Peserta didik mengerjakan lembar kerja10. Guru memantau hasil pekerjaan peserta didik11. Guru mempersilahkan peserta didik menyampaikan hasil identifikasinya tentang isi geguritan12. Guru bersama peserta didik mengevaluasi hasil pekerjaan peserta didik
Kegiatan Penutup	<ol style="list-style-type: none">13. Guru bersama peserta didik menyimpulkan dan merefleksi materi pembelajaran hari ini tentang mengidentifikasi pokok isi dalam geguritan14. Guru mengajak peserta didik menyimak materi pembelajaran pada pertemuan berikutnya15. Guru menutup kegiatan pembelajaran

C. Penilaian

1. Sikap : Berbicara dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh dengan teknik observasi (Terlampir)
2. Pengetahuan : Tes tulis berbentuk uraian (Terlampir)

Mengetahui,
Kepala SMP N 4 Ungaran

Ungaran, Januari 2022

Guru Mata Pelajaran

Drs. Tri Widodo, M.Pd
NIP 19680311 199512 1 001

Ermi Risanti, S.Pd
NIP 19880907 2011012007

LAMPIRAN

A. Alat/Media/Sumber Belajar

1. Alat : Papan tulis, Spidol, Kertas, pulpen
2. Media : Teks geguritan, majalah Panjebar Semangat, lembar kerja peserta didik
3. Sumber belajar : Modul Bahasa Jawa, buku Marsudi basa kelas IX hal.74-77,
<https://tedobagibagiilmu.blogspot.com/2017/11/geguritan-dalam-bahasa-jawa.html>,
<https://adahobi.com/geguritan-bahasa-jawa/>.

B. Materi

Geguritan asale saka tembung “gurit” kang tegese tembang. Geguritan iku minangka asil cipta rasa panulise kang nuwuhake kaendahan.

Paugerane geguritan:

1. Ora kaiket wewaton guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
2. Luwih ngutamakake babagan isine kang mentes, apik, endah, lan uga becik.
3. Kanggo nambah kaendahan basa nggunakake purwakanthi sawetra bae.
4. Isi pitutur, piweling, kritik, protes, sindiran, pangresah, pamundhut, lan sapanunggalane.

Struktur Fisik

▪ Pamilih Tembung “Diksi”

Diarani diksi yaiku tembung-tembung ing njerone geguritan sing biasane nduweni sifat polisemi, nduweni tegese abstrak lan konotatif. Pemiling tembang kang trep, bisa ngasilaken imajinasi kang manjila

▪ Ritma Atau Majas

Yaiku mbaleni ukara, mbaleni suara “vocal”, kelompok tembung “frasa” utawa mbaleni tembung.

▪ Majas

Majas yaiku tembung kang digawe penyair ndamel nyeritakake setunggale bab kang kanthi cara mbandingake lan barang utawa tembung lintune.

▪ Tipografi

Tipografi yaiku larik-larik utawi kang tinulis mawa pada per bait. Bab iki kang mbedakake antarane gancaran lan geguritan.

Struktur Batin

▪ Tema

Tema “buku gagasan” yaiku punjeraning bab kang ndadekake geguritan iku dadi utawa gagasan kang dikarepake penyair utawi penulis. Tuladhane : politik, moral, agama, individu lan liyane.

▪ Sikap Penyair Kepada Pembaca “Nada”

Sikap penyair kepada pembaca yaiku sikap “patrap” kang di damel ing njerone geguritan. Tuladha : muji, nuturi, ngenyek, ngguroni, nyemoni lan liyane.

▪ Pangrasane Penyair

Tegese tembang kang didamel ing njero geguritan, kang nduweni fungsi lan tegese nggawe njelmakake rasa pangarsa sing nduweni sifat kompleks lan rowa, kang keblebu ing rasa-pangarsa. Yaiku : antipati, sedih, susah, empati, simpati, seneng, gumun, kangen.

▪ Amanat/Pesan

Bab kang diweharake penulis / penyair marang pemaos. Amanat iku ora di tulis kanthi terang trawaca, ananging sinandhi, ana pangrakiting tembang.

▪ Suasana

Suasana yaiku kahanane jiwa pemaos sawise maos geguritan.

Jinise Geguritan

Geguritan dibedakake dadi 2, yaiku:

A. Geguritan Gagrag Kuna/Lawas

Geguritan kuna nduweni pathokan yaiku:

1. cacahé gatra/larik ora ajeg, paling sithik papat
2. cacahing wada/suku kata ing saben gatra kudu padha akehe
3. tibaning swara/guru lagu kudu runtut
4. sangarepe geguritan diwiwiti tembung “sun nggurit utawa sun gegurit”

B. Geguritan Gagrag Anyar

Geguritan anyar nduweni pathokan yaiku:

1. tembung-tembunge pilihan
2. isine mentes
3. cacahé gatra/larik ora katemokake
4. arang nganggo tembung salgunune/denotasi
5. akeh nganggo tembung kiasan/konotasi
6. ora diwiwiti tembung “sun gegurit”

Langkah-langkah kanggo mangerteni ing sawijining geguritan yaiku:

1. Wacanen geguritan kanthi permati, yen perlu dibolan-baleni.
2. Gatekna hubungan larik ukara, banjur wewehana tandha kanggo munggel (jeda), upamane punggel sauntara wewehana tandha (/) lan kanggo sigeg wewehana tanda (//).
3. Golekna teges tembung tembung kang kok anggep angel, kanthi terus dieling eling, menawa tembung tembung sajarone geguritan bisa duwe teges lugu, entar, bisa uga lambang utawa gambaran.
4. Perlu digatekake menawa saben karangan mesthi duwe pesen utawa amanat kang kepingin disampekake marang pamaca.
5. Tambahana tembung utawa wanda saengga ukarane dadi sedherhana lan gampang dimangerteni.

Sawijining geguritan duwe struktur batin utawa hakekat sing dumadi saka: tema, suasana, nada lan amanat, kang mujudake jiwaning geguritan kang ora bisa dipisahake.

C. LKPD

Wacanen geguritan iki kanggo mangsuli pitakonan ing ngisore!

Geguritan Gagrag lawas

Sun Gegurit,

Kaanan jaman saiki

sipat pemudha-pemudhi

srawunge saya ndadi

raket wewekane sepi

tan kadi duk jaman nguni

srawung sarwa ngati-ati.

Yen manut wasiteng kuna

priya srawung lan wanita

gampang ketaman panggodha

nerak ing laku susila

temah darbe jeneng ala

wusanane tibeng papa

(kapethik saka: <https://jwadw.blogspot.com/2014/01/kawruh-geguritan.html>, kanthi kabesut saprelune)

Bekti Kagem Ibu
Nyuwun tambahing pangestu
kula badhe angayahi
tanggung jawab marang bangsa
ugi mring ibu pertiwi
iki pancen kewajiban
keng putra wus kudu ngerti.

Lamun pra putri tan maju
bakal ringkih tembe mburi
awit ibu kang kuwasa
mulang muruk putra putri
guru aneng kulawarga
kang pawitan jroning urip.

(kapethik saka: warisan Geguritan Macapat kaca 40 edhisi 3)

Soal:

a) Tulisen tembung-tembung kang angel ing geguritan kasebut banjur tulisen tegese!

- | | | |
|----------|--------|------|
| 1. | Tegese | |
| 2. | Tegese | |
| 3. | Tegese | |
| 4. | Tegese | |
| 5. | Tegese | |
| 6. | Tegese | |
| 7. | Tegese | |
| 8. | Tegese | |
| 9. | Tegese | |
| 10. | Tegese | |

b) Wangsulana pitakonan-pitakonan iki kanthi trep!

1. Panulise geguritan gagrag lawas diwiwiti mawa tembung apa?
2. Manut geguritan gagrag lawas kasebut, kepriye sipate pemudha-pemudhi ing jaman saiki?
3. Manut geguritan gagrag anyar ing ndhuwur, putra (anak) nduweni kuwajiban marang sapa wae?
4. Manut geguritan gagrag anyar bait ke-2, sapa kang kuwasa paring wulang wuruk marang para putra?
5. Nilai karakter apa kang bisa dituladha manut geguritan gagrag anyar kasebut?

Kunci Jawaban :

- a) Contoh : raket tegese cedhak lsp
- b) Sun gegurit
- c) Srawunge saya ndadi (pergaulane bebas)
- d) Putra nduweni kewajiban marang ibu lan negara (ibu pertiwi)
- e) Ibu kang paring wulang wuruk para putra
- f) Nilai cinta tanah air, nilai kamanungsan, nilai katresnan

D. Lembar Penilaian

➤ Sikap

Lembar Observasi Sikap

Nama :
 Kelas :
 No absen :
 Materi :
 Indikator : Peserta didik mampu berbicara sesuai unggah-ungguh bahasa Jawa

No	Nama	Skor			
		1	2	3	4

Skor 1 : Peserta didik tidak berbicara dengan menggunakan bahasa Jawa

Skor 2 : Peserta didik berbicara dengan menggunakan ragam ngoko

Skor 3 : Peserta didik berbicara dengan menggunakan ragam krama lugu

Skor 4 : Peserta didik berbicara dengan menggunakan ragam krama

➤ Pengetahuan

IPK	Teknik instrumen	Bentuk instrumen	Soal
1.1.1 Mengartikan kata-kata yang dianggap sulit yang terdapat dalam teks geguritan	Tes tertulis	Uraian	Butir a) no 1-10
1.1.2 Menuliskan pokok isi teks geguritan			Butir b) no 1-4
1.1.3 Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terkandung dalam teks geguritan			Butir b) no 5

Rubrik penilaian

a)

No	Aspek	Skor
1	Jawaban benar	1
2	Jawaban salah	0
Skor maksimal		10

b)

No	Aspek	Skor
1	Jawaban benar	2
2	Jawaban salah	1
Skor maksimal		10

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Total Skor}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$